

Reyinyon Anyèl Tit I

Yon prezantasyon an Kolaborasyon
avèk Pwogram Depatman Federal ak
Leta ak Lekòl Title I yo



Objektif Reyinyon an



- Lwa pou Chak Elèv Reyisi a (Yon lwa federal) mande lekòl Tit I yo pou fè yon Reyinyon Anyèl pou eksplike epi diskite pwogram Tit I lekol yo, dwa paran, ak lòt obligasyon lekòl yo.
- Yo ankouraje fanmi yo pou poze kesyon epi bay sijesyon pou amelyore pwogram Tit I lekòl yo.



Kisa Tit I an ye?



Tit I an fè pati yon lwa federal ki bay lekòl li seleksyone yo lajan pou:

- ede satisfè bezwen ak objektif edikatif elèv,
- ofri estaf yo fòmasyon pwofesyonèl, epi
- Sipòte asosyasyon ant lekòl ak paran.



Kijan yon lekòl kapab vin Tit I?



- Kondisyon Elijiblite pou Ane Akademik 2023-2024
 - Distri a analize done sou revni yo (Repas gratis ak pri redui (FRPL), Sètifikasyon Dirèk (Direct Certification)
 - Distri a fikse kondisyon kalifikasyon yo daprè lwa federal ak lwa Eta a:
 - 70% pou primè, mwayen ak lekòl yo konbine
 - 67% pou lekòl segondè



The Department of Multicultural Education (Haitian Creole) Translation Team certifies that this is a true and faithful translation of the original document. (561) 434-8620 –August 2023 – SY231282

EDUCATE • AFFIRM • INSPIRE



Sa sa vle Di pou Lekòl nou yo?

- Plis fon pou sipòte elèv, pwofesè ak fanmi!
 - Fon sa yo depase lontan sa Distri a ofri.
 - Fon yo konsantre sou ansèyman elèv, devlopman pwofesyonèl pou pwofesè nou yo, ak aktivite pou ranfòse asosyasyon nou ak fanmi yo.




Kisa sa vle Di pou Lekòl nou yo?

- Dwa pou Paran ak Fanmi yo enfòme ak patisipe nan
 - Reyinyon Anyèl Tit I
 - Komite pou pran Desizyon (Reyinyon pou Pati Enterese yo fè kòmantè)
 - Dwa pou paran patisipe
 - Plan Angajman pou Paran ak Fanmi*
 - Kontra ant Lekòl - Paran*
 - Avi sou Dwa pou paran Konnen (*Right-to-Know*)*
 - Sondaj



Pwogram Tit I nan Tout Lekòl la

- Tout élève bénéfise
- Tout professionnel bénéfise
- Tout famille bénéfise



Plan pou Tout Lekòl nou an (SWP)

Evalyasyon Bezwèn konplè

- **ELA:** Elaji vokabilè akademik * Amelyore andirans lekti * Konstwi redaksyon ki gen plizyè paragraf ki baze sou tèks
- **Matematik:** Amelyore konpetans fondamantal matematik * Aprann vokabilè aljebrik * dekonstwi pwoblèm mo matematik

Aktivite pou Sipòte Bezwèn yo

- Anboche yon parapwofesyonèl pou antre/rale soti nan klas ELA ak Matematik
- Ofri lesон patikilye maten ak Samdi pou kou ELA ak kou Matematik
- Developman pwofesyonèl anplwaye yo

Plan Angajman Paran ak Fanmi (PFEP)

- patisipasyon moun ki gen enterè yo * fòmasyon anplwaye yo * fòmasyon paran yo * komunikasyon

Konpozan naratif

- Loportinite apre segonder * Edikasyon byen awondi * Konpetans ki pa akademik



Pwen Santral Tit I

Pou satisfè rezulta nou prevwa yo, n ap itilize fon Tit I ane sa a pou sa ki anba yo:

- Enstriksyon nan Klas
 - Opòtinite aprantisaj pwolonje - Pwogram lesion patikilye maten
Diskite sou pwosedi lesion patikilye a ak orè
 - Pozisyon parapwofesyonèl (yo) - Madan Rose
Diskite sou travay li fè pou afekte siksè elèv yo



Pwen Santral Tit I

Pou satisfè rezulta nou prevwa yo, n ap itilize fon Tit I ane sa a pou sa ki anba yo:

- **Patisipasyon Paran-Fanmi**

Fòmasyon ak Kominikasyon Paran-Fanmi

Enskri nan Class Dojo pou resevwa rapò ajou sou elèv ou yo.

Y ap voye yon bilten mansyèl pou paran ki anrejistre yo

Sware Learning Language Arts ap pase 25/10/23

Nwa Matematik Mania ap fèt sou 1/24/24



Angajman Fanmi ak Paran

Rechèch montre lè paran ak manm fanmi angaje nan edikasyon, li pi fasil pou elèv yo:

- fè pi bon nòt
- bay pi bon rannman nan tès
- prezan lekòl
- adapte ak chanjman
- gen pi bon aptitud sosyal
- pase pou lòt klas
- gradye
- kontinye edikasyon yo apre lekòl segondè



Plan Angajman Paran & Fanmi

- Abreje PFEP
- Dekri kòman nou enplike fanmi nan edikasyon elèv
- Redije avèk kontribisyon fanmi ak estaf pandan reyinyon pou jwenn opinyon moun ki enterese yo
- Pataje lè gen reyinyon SAC pou revize si sa nesesè
- Yo voye rezime PFEP lakay pou tout fanmi



Plan Angajman Paran & Fanmi

- Lekòl South Intensive Transition ap fè efò pou bay paran yo ak fanmi yo pouvwa pou yo sipòte devlopman kognitif ak sosyal-emosyonèl pitit yo nan ranfòse patenarya distri, lekòl, fanmi ak kominote atravè komunikasyon, sipò resous, ak fòmasyon. South Intensive pral travay pou pèmèt ak ankouraje tout paran yo patisipe kòm patnè enfòme ak pèsònèl lekòl la nan enpleamente pwogram Tit I lekòl ak lakay yo nan yon efò pou amelyore siksè akademik elèv yo ak pèfòmans lekòl la. Lekòl South Intensive Transition pran angajman pou enplike paran yo nan pran desizyon pataje epi ankouraje paran yo pou yo vin patisipan aktif nan pwosesis edikasyon pitit yo nan kominike efikasman objektif ansèyman yo, kreye yon anviwònman ki envite paran yo, epi etabli lekòl la kòm sant la. kominote.



Seminè Fòmasyon pou Paran

Annakò avèk Plan Angajman Paran ak Fanmi, nou ta renmen envite w vin patisipe nan fòmasyon nan dat ki anba yo:

- Aprann Langaj: 25/10/23
- Matematik mani: 1/24/24



Kontra ant Paran ak Lekòl la

- Chak lekòl Tit I dwe genyen yon Kontra ant Paran ak Lekòl la, men se paran, manm fanmi ak pèsonèl lekòl la ki pou ekri l.
- Kontra ant Paran ak Lekòl la defini responsabilite elèv, paran, manm fanmi ak estaf lekòl la nan fè efò pou ogmante rannman elèv la.



Kontra ant Paran ak Lekòl la


- Revizyon Kontra ant Paran ak Lekòl pou ane 2024
- Sijesyon pou Kontra ane pwochèn nan
- Kesyon



Dwa Paran pou Konnen

Fanmi yo gen dwa pou poze késyon:

- Sou kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè pitit yo; ak
- si yon moun ki pa pwofesè ap anseye pitit yo, nan ka sa a, kalifikasyon pwofesyonèl li.



Dwa Paran pou Konnen

Yo dwe enfòme fanmi yo:

- si yon pwofesè gen kat semèn oswa plis l ap anseye pitit yo san li pa satisfè kondisyon pou l anseye nivo klas oswa matyè l ap anseye a; ak
- kòman pitit yo degaje yo nan egzamen leta tankou FSA, EOCs, ak SSA.



Pwogram Edikasyon Migran (MEP)

Bi Pwogram Edikasyon Migran an se pou ede tout elèv migran yo rive leve tout defi yo ka rankontre nan aktivite akademik yo, yon fason pou yo kapab gradye avek yon diplòm segondè (oswa pase pwogram GED) kap ede yo gen bon jan edikasyon kap prepare yo vin yon sitwayen responsab, gide yo nan sa yo pral aprann, ak rive fè siksè nan travay yo.



Pwogram Edikasyon Migran



Asire bezwen elèv migran yo satisfè e pou ede yo simonte:

- entèripsyon nan lekòl
- baryè kiltirèl ak lang
- izole tèt ou yon kote apa
- Manke resous sante
- tranzisyon pou kolèj osinon al travay apre lekòl segondè

Pou amelyore opòtinite edikasyonèl elèv migran yo nan ede yo:

- Sèvis akademik/sosyal siplemantè pou elèv yo ak fanmi yo
- Tranzisyon nan nouvo lekòl (yo)
- satisfè kontni akademik eta/distri ki difisil yo
- gradye nan lekòl segondè



Premye etap se jwenn tout elèv migran yo

- Entèvyou yo fèt an pèsòn pa yon Rekritè MEP ki resevwa fòmasyon pou itilize kondisyon kalifikasyon Federal ak Eta
- Enfòmasyon pou Kontakte Pwogram nan:
Jorge Echegaray
Manadjè, Migrant Education Program
Depatman Edikasyon Miltikiltirèl
Jorge.Echegaray@palmbeachschools.org
(561) 202-0356



Elèv K ap Fè Eksperyans Sanzabri

Tout Elèv Genyen Dwa pou Jwenn Edikasyon

Ekip McKinney-Vento Homeless Education Program

(MVP) kapab ede fanmi k ap viv:

- nan yon abri, motèl, machin, oswa sou teren kanpman;
- nan la ri;
- nan kay abandone oswa kay ki delabre;
- nan motèl/otèl; oswa
- abite tanporèman ak fanmi oswa zanmi akoz yon difikilte



Elèv K ap Fè Eksperyans Sanzabri

Tout lekòl genyen yon Moun ki se Kontak McKinney -Vento & Jesyonè Ka nan *McKinney-Vento Homeless Education Program (MVP)*, k ap travay avèk fanmi pou:

- bay lekòl founiti klasik, inifòm, sèvis adisyonèl ak manje gratis nan lekòl;
- òganize transpò pou ale lekòl kote yo soti a epi retounen lakay;
- jwenn sipò ak resous kominotè;
- deside ki lekòl ki ta pi bon pou timoun nan;
- kominike avèk lekòl la;
- ak plis toujou.



Elèv Kap Fè Eksperyans Sanzabri

Enfòmasyon pou Kontakte MVP

Kontakte pwogram *McKinney-Vento Homeless Education Program (MVP)* oswa w ta renmen ranpli yon Kesyonè sou Lojman pou Elèv

- (561) 350-0778
- MVHomeless@palmbeachschools.org



Konklizyon

- Opòtinite pou paran poze kesyon ak bay opinyon
- Konplete evalyasyon

Mèsi pou prezans, patisipasyon ak opinyon w.

Nou espere w pase yon bòn ane akademik!

